

No. 6/Th. XX/Mei 2015

ISSN: 0854-9559

BANDAR MAULANA

Jurnal Sejarah Universitas Sanata Dharma

Hermeneutika Wewacan Lan Sejarah

Ignatius Sandiwan Suharso & Hieronymus Purwanta

Petualangan Orang-Orang Madura
Di Bengkulu Dalam Perspektif Sejarah

Agus Setiyanto

Pelayanan Di Tengah Pergolakan: Suster Carolus Borromeus
Dalam Masaperjuangan Kemerdekaan Republik Indonesia
Di Yogyakarta, 1945-1955

Adelfina Marni

BANDAR MAULANA

JURNAL SEJARAH UNIVERSITAS SANATA DHARMA

DEWAN REDAKSI

Pelindung:

Drs. Johanes Eka Priyatma, M.Sc., Ph.D.

Rektor Universitas Sanata Dharma

Penasehat:

Dr. F.X. Siswadi, M.A.

Dekan Fakultas Sastra Universitas Sanata Dharma

Dr. Lucia Juningsih, M.Hum.

Ketua Jurusan Ilmu Sejarah Universitas Sanata Dharma

Pimpinan Redaksi:

Yerry Wirawan

Kepala INDONESIANA Universitas Sanata Dharma

Anggota Redaksi:

Dr. Lucia Juningsih, M.Hum.

Dr. Anton Haryono, M.Hum.

Dr. Hieronymus Purwanta, M.A.

Drs. Heribertus Hery Santosa, M.Hum.

Drs. Ignatius Sandiwan Suharso

Administrasi/Sirkulasi:

F. Tri Haryadi

Alamat Redaksi:

INDONESIANA

Pusat Studi Sejarah Indonesia, Universitas Sanata Dharma

Tromol Pos 29, Mrican, Yogyakarta 55002

Telp. +62-274-513301, 515352; Ext. 1546

Fax. +62-274-562383; E-mail: indonesiana@usd.ac.id

KATA PENGANTAR

Setelah beberapa saat vakum, Jurnal Sejarah Bandar Maulana kembali hadir ke tangan anda. Dalam terbitan kali ini Jurnal Sejarah Bandar Maulana menghadirkan tiga karya ilmiah. Karya pertama ditulis oleh Ignasius Sandiwan dan Purwanta yang membahas Hermeneutik sejarah dalam bahasa Jawa. Bahasa ini sengaja kami gunakan untuk melihat sejauh mana bahasa daerah dapat menjadi pengantar sebuah karya ilmiah. Karya kedua berupa penelitian yang disusun oleh Agus Setiyanto tentang asal muasal keberadaan orang Madura di Bengkulu pada abad ke-18 dan ke-19. Karya ketiga diangkat dari skripsi mahasiswa jurusan Sejarah, Adelfina Marni yang membahas peranan suster-suster di Panti Rapih pada masa revolusi Indonesia.

Semoga ketiga artikel ini dapat menambah wawasan kita tentang sejarah Indonesia. Selamat membaca.

Redaksi

BANDAR MAULANA

JURNAL SEJARAH UNIVERSITAS SANATA DHARMA

BANDAR MAULANA adalah jurnal ilmiah sejarah Indonesia, yang diterbitkan oleh Indonesiana, Pusat Studi Sejarah Indonesia, Jurusan Sejarah, Fakultas Sastra Universitas Sanata Dharma, Yogyakarta. Terbit pertama kali bulan November 1994 dengan frekuensi terbit dua kali setahun pada bulan Mei dan November.

BANDAR MAULANA menerima sumbangan karangan ilmiah, terutama hasil penelitian dari para sejarawan maupun para peminat sejarah Indonesia. Naskah hendaknya dikirim dalam bentuk cetakan *hardcopy* dan *softcopy*. Panjang naskah maksimal 20 halaman spasi ganda. Naskah yang masuk evaluasi dan disunting untuk keseragaman format, istilah, dan tata cara lainnya.

Alamat Redaksi: Indonesiana, Pusat Studi Sejarah Indonesia, Universitas Sanata Dharma, Tromol Pos 29, Mrican, Yogyakarta 55002, Telp. +62-274-513301, 515352 ext. 1546, Fax. +62-274-562383 E-mail: indonesiana@usd.ac.id

Hingga saat ini, INDONESIANA TELAH MEMILIKI

1. 300 hasil wawancara dengan mantan romusha di wilayah Daerah Istimewa Yogyakarta, baik dalam bentuk pita kaset maupun dalam bentuk audio CD.
2. 12.000 judul kliping koran dengan berbagai topik. Saat ini sedang dalam proses pemindahan ke naskah elektronis.
3. Telah menerbitkan 3 (tiga) buku, baik berupa hasil penelitian maupun kumpulan tulisan.
4. Film sejarah, baik berupa film dokumenter maupun film komersial, yang kesemuanya dalam bentuk video.

HERMENEUTIKA WEWACAN LAN SEJARAH

Ignatius Sandiwan Suharso & Hieronymus Purwanta

I. Pambuka

Saben uwong mesti tau maca, malah kepara asring. Ono ing KBBI (Kamus Besar Bahasa Indonesia) online tinulis menawa *membaca adalah kegiatan melihat serta memahami isi dari apa yg tertulis (dengan melisankan atau hanya dalam hati)*. Saka keterangan ing kamus iku, bisa kapethik pangerten menawa maca iku sawijining laku **manthengi** “apa kang tinulis”, yaiku tulisan kang awujud saka aksara lan angka, utawa gabungan kaloro-lorone, kang kabeh iku mau kasebut wewacan.

Nalika lagi nglakoni laku maca, paling ora ana rong perkara sing isa dipethik. Kapisan, pamaca isa **mangerten** isi pesen kang tinulis liwat aksara, angka, tembung lan ukara kang jinejer lan rinonce ing wewacan. Nanging ana syarat kang kudu dicukupi, yaiku pamaca kudu ngerti tembung, ukara lan tata-basa kang dienggo ana ing wewacan. Gambaran kang gampang, uwong kang ora ngerti tembung lan tata basa Jawa, ora bakal isa methik apa sing **dikarepake** utowo apa kang dadi werdine kang dikandut saka tulisan “Wewacan” mau. Saka kene, apa **kang** ginagas dening Freidrich Ernst Daniel Schleiermacher babagan *grammatical understanding* (mangerten saka tata basa), isa dilakoni menawa syarat-syarat mau pancen pranyata temen-temen wiis dadi kawasisane Sang Pamaca.

Kaping pindhone, kang luwih jero tinimbang mangerten i saka tata basa, lamun pamaca isa mangerten i kahanan kang hamayungi pengarang dalah rasa pangrasane rikala wewacan iku tinulis. Tataran iki luwih jero, mulane syarat lan lakune yo luwih abot. Pamaca kudungerti temenan bab kahanan, kabudayan lan sesliweraning pikiran ing madyaning masyarakat kang ana ing Jamaning panganggit nulis wewacan. Para sejarawan nduwensi keyakinan menawa babad kang tinulis ing jaman Mataram lan sakdurunge iku sejatine pinangka dadi sawijining caosan para abdi pujangga kraton kagem ratune kang lagi kuwasa. Keyakinan mau sakmestine ana lelandesane kang kuwat. Tanpa milih setuju apa ora karo keyakinane para sejarawan, dheweke wis mesthi nyinau kabudayan kang ngrembaka ana ing jaman rikala babad-babad iku tinulis. Laku kanggo mangerten i kahanan kang mayungi panganggit rikala nulis wewacan iku ana ing Hermeneutika kasebut *intuitive understanding*.

Dilthey nerangake cara utawa laku tumrap uwong saka ing jaman saiki kareben isa ngrasakake lan mangerten i ukara, tembung lan tulisane panganggit kang urip ing jaman mbiyen. Mangkene lakune:

Let us try to consider the problem of how understanding comes about. Understanding arises when a series of inferences from particular to particular is placed in the service of intuition. When something external is given to me, I must supplement it with an inner thought process. Such a task I can fulfill only by means of analogous cases. I thus need (1) to have experienced a series of similar cases, where similar exteriors are found to have such and such

inner states as their ground. Given this initial analogy, (2) an inference from analogy is then applied to one such case. (3) Thus, I obtain a reconstruction.

This is the schema of the process, but it displays itself quite differently in particular instances. It may be my task (1) to understand an event; (2) to structure it historically (the task of the historian); (3) to freely reconstruct life and action. The latter is always accompanied by processes of exclusion and generalization (Dilthey, 1996: 230).

Ana ing pethikan kang tinulis ing dhuwur iku, Dilthey mratelake yen uwong saiki isa paham temenan bab jaman mbiyen menawa isa mangerten saripating kahanan-kahanan kang mligi dumadi ing jaman mbiyen, saengga isa mbayangke. Dalan siji-sijining kanggo uwong saiki amurih isa mbayangke jaman mbiyen yaiku kudu kanthi laku mbandingake karo pengalaman kang sakemper utawa memper. Saka ing kene, laku mahami lan mangerten jaman mbiyen iso dipilah dadi telung perangan:

1. Nduweni pengalaman-pengalaman kang padha utawa sakemper.
2. Mangerten sari-pati pengalaman kang sakemper mau kanggo ditrapke ana ing jaman mbiyen kang katlisik.
3. Mbayangake urut-urutaning kadadeyan kang awujud rekonstruksi utawa susunan kesejarahan.

Telung perangan laku kang ditemokake lan dijilentrehake Dilthey iku piguna banget, kanggo mbedakake ing antarane ngelmu manungsa karo ngelmu alam. Linge (ana ing Gadamer, 1977: xiii - xiv) aweh katrangan mangkene:

The far-reaching implications of this identification of understanding with scientific understanding can be seen most clearly in the work of Wilhelm Dilthey, whose aim was to establish hermeneutics as the universal methodological basis of the Geisteswissenschaften. Insofar as they adhered to the guidelines of methodical interpretation, the human studies could lay claim to a knowledge of the human world that would be every bit as rigorous as the natural sciences' knowledge of nature. Like Schleiermacher, Dilthey identified the meaning of the text or action with the subjective intention of its author. Starting from the documents, artifacts, actions, and so on that are the content of the historical world, the task of understanding is to recover the original life-world they betoken and to understand the other person (the author or historical agent) as he understood himself.

Ing pethikan iki Linge nerangake menawa Dilthey sedya mbangun hermeneutika minangka kanggo ngadegake tata laku ngèlmu manungsa (*Geisteswissenschaften*). Kanthi nganggo paugeraning laku tafsir, ilmu manungsa bakal bisa diwenehi kalungguhan minangka ilmu sing nyinaoni donya manungsa kang beda nanging sak jajar karo ilmu alam sing nyinaoni alam semesta. Dilthey ngenalake menawa jarwaning tulisan utawa tumindak iku sejatine maksud subyektif saka penganggit. Mahami iku upaya kanggo miyak donyaning urip snyatane saka sing wis tinulis lan mangerteni maksud wong liya (penganggit utawa lakon sejarah) kaya mangertèni awake dhewe.

Pangerten Schleiermacher lan Dilthey babagan wewacan kang pinethik saka kahanan sing mayungi panganggit, karo Heidegger didadeke lawang kanggo njlimeti laku mangerten i wewacan. Ana ing pikirane Heidegger, wewacan ora mung reroncening aksara, tembung lan ukara, nanging wewacan kudu dianggep dadi wujud saka tekaning panganggit neng ngarepe pamaca. Romo Sastraprasedja, SJ. (2008) nerangake mangkene:

Dalam berbagai tulisannya pada tahun 1950-an Heidegger bermaksud mengoreksi pengertian tradisional mengenai bahasa sebagai instrumen untuk ekspresi gerak batin atau perasaan serta pandangan dunia. "Bahasa pada hakekatnya bukanlah ekspresi dan bukan aktivitas manusia. Bahasa berbicara. Hakekat bahasa adalah berbicara atau mengatakan. Mengatakan berarti menunjukkan. Terkait dengan "mengatakan" adalah "kemampuan mendengarkan", sehingga apa yang harus dikatakan dapat menunjukkan diri. Itulah "peristiwa bahasa" (Spracherregnis). Sebagaimana diungkapkan Palmer: "Language is not an expression but an appearance of being. Thinking does not express man, it lets being happen as language event. In this letting-happen lies the fate of man and also the fate of truth, and ultimately the fate of being". Pandangan itu sangat penting dalam teori hermeneutik. Hakekat bahasa adalah fungsi hermeneutiknya untuk membawa realitas menampilkan dirinya.

Saka pethikan ing ndhuwur isa dijupuk inti gagasane Heidegger, yaiku menawa basa dudu alat kanggo ngetokake mobah mosiking batin utowo rasa. Basa iku masalah wicara

utowo ngandakake. Ngandakake iku artine nduduhke “iki lho aku”.

II. Pangerten kang tambah jembar

Pangerten wewacan iku, saiki wis ngrembaka. Wewacan ing jaman mbiyen pancen diwatesi artine mung kanggo “reroncening tembung lan ukara” kang tinulis, saengga ana istilah “*buta aksara*” kanggo sedulur sing ora isa maca tulisan. Nanging kasunyataning urip padinan menehi pangerten sing luwih jero, yaiku menawa laku maca iku ora mung katuju kanggo tulisan. Ukara pisanan tulisan “Sang Pamaca”, yaiku “Saben uwong mesthi nate maca”, maksude kanggo pangerten maca sing jembar.

Kasunyatan kang nelakake menawa wewacan iku jembar, isa kasinau saka bebasan Jawa sawang-sinawang. Ing waliking bebasan iku, ana laku maca marang perkara sing wujude dudu tulisan. Tembung “sawang” yen rinaketake karo jejer, bakal dadi “nyawang”. Ing basa Jawa, nyawang iku tegese laku maca marang samubarang kahanan kang ana ing njaban badan wadhage awake dhewe, nganggo mata, mbuh adoh, mbuh cedhak. Contone “Kliwon nyawang omahe Mbah Surip kang miring merga kena lindhu”. Ana ing ukara iku, Kliwon (Jejer) lagi laku “maca” (Wasesa) marang “omahe Mbah Surip” (Lesan).

Saka pengalaman urip padinan, isa dipethik pangerten yen wewacan iku jembar banget tebane, malah isa dikandakake yen jembare ora winates. Wewacan isa wewujudan barang kang isa kadheleng nganggo mata lan

didemok nganggo tangan, dinilat ing lathi. Nanging akeh wewacan sing ora maujud barang sawantah lan mung isa dirasakake nganggo ati lan pinikir nganggo akal. Contone akeh, kaya ta nasionalisme, kejawen, lan sapanunggalane.

Asile laku maca barang kang maujud lan ora maujud, ora beda adoh karo laku maca serat utawa reroncening tembung lan ukara kang tinulis. Laku nyawang kang dilakoni Kliwon ngasilake pangerten yen “Omahe Mbah Surip miring amerga lindhu”. Pangerten iki sakemper karo *grammatical understanding* gagasane Schleiermarcher kanggo mangerten isining ukara ana ing serat. Semono uga, *intuitive understanding* isa ditrapke ana ing sak liyane tulisan. Pitakonan kang ngarahake ana ing panalisikan *intuitive understanding*, yaiku “Ngapa kok Omahe Mbah Surip mung miring?”. Pitakonan mau gegayutan karo kahanan, omah-omah sak kiwa tengene Mbah Surip, kalebu omahe Kliwon, ambruk merga lindhu. Kanggo mangsuli pitakonan mau, kudu dingerten kabudayan lan sesliwerane pikiran rikala omahe Mbah Surip digawe. Ora mung tekan semono, pangoncekan babagan omahe Mbah Surip kudu nganti pamaca isa mangsuli: ngapa omahe Mbah Surip kang saka kayu ora diganti nganggo tembok ing jaman modernisasi ne Orde Baru? Panelisikan kudu diadani kanthi njlimet lan tekan pangerten yen “Omahe Mbah Surip miring kena lindhu” iku pancen kahanan kang trep lan sakemper, saengga pamaca isa manggut-manggut tandha mangerti lan mangerti tekan ati.

III. Pamaca

Pamaca ana ing katrangan babagan *grammatical understanding* lan *intuitive understanding* dadi pihak sing aktif. Sing dikarepke, pamaca kudu ngetokake kabeh ngelmu lan kasektene kang magepokan karo tembung-tembung kang ditlisik, supaya isa nafsir werdi, arti kang kamot ana ing tembung kanthi bener lan pener. Bener ana ing kene kerepake cocok karo kabeh sumber lan bukti kang iso ditemokake. Pener ngemot asil tafsiranane dijilentrehake nganggo basa saiki supaya isa dimangerten ikanthi pana dening generasi saiki kang bakal maca hasile panlisikan iku. Laku ngetokake kabeh ngelmune kanggo mangerten ikanahan kang mayungi utawa ngunderi panganggit iku dening Dilthey sinebut *reenactment* kang kurang luwih artine nguripake kadadeyan jaman biyen ing jaman saiki (Ansbersmit, 1987: 162).

Senadyan pamaca dadi pihak sing aktif, nanging kalungguhane mung kanggo lantaran supaya kadadeyan jaman mbiyen supaya dimangerten ikan generasi saiki. Pitakonane, apa pamaca bener-bener mung dadi lantaran sawantah? Ana ing kene, Heidegger kapencut nlisik kalungguhane pamaca ana ing thek-kliwere ikhtiar kanggo mangerten tulisan saka ing jaman mbiyen. Miturut Heidegger, pentinge pangerten teks ora mung dumunung ing maksud subyektif saka penganggit, nanging utamané sinau mawarna-warna sing mbokmenawa bisa kanggo mekarake diri pribadi pamaca. Laku mahami utawa mangerten kanti pana iku sejatine laku nemoke lan ngrembakakake bakat

kang tumuju ing pribadi kang pangimpene, nanging durung kasembadan (Heidegger, 1996: 135). Nganggo tembung liya, maca iku dudu laku mangerten arti mandeg saka sajroning wewacan, nanging laku miyak mawarna-warna sembarang kalir maggepokan “ananing aku” sing dituduhake dening wewacan (Ricoeur: 2009: 78).

Pamaca dudu mesin kang isa ngetokake arti utawa werdining ukara kaya apa anane, nanging pamaca uga manungsa (*being/sein*) utawa pribadi kang duwe kesadaran lan uga pamrih. Kanti nyilih pamikirane Schleiermacher lan Dilthey, pamaca nduwensi sejarah lan kabudayan kang bakal dadi pra pemahaman lan nyengkuyungi lakune dheweke rikala ngadani laku mangerten isining wewacan. Manut Heidegger (1996: 214), pra pemahaman iku ngemot telung perkara, yaiku pengalaman wiwitan (*fore having*), seserepan wiwitan (*fore sight*), lan konsepsi wiwitan (*fore conception*):

Ontological inquiry is a possible way of interpretation which we characterized as a development and appropriation of an understanding. Every interpretation has its fore-having, its fore-sight, and its fore- conception. If such an interpretation becomes an explicit task of an inquiry, the totality of these “presuppositions” (which we call the hermeneutical situation) needs to be clarified and made secure before-hand both in a fundamental experience of the “object” to be disclosed, and in terms of that experience.

Ana ing pethikan kang tinulis ing nduwur, Heidegger medharake menawa inkuiiri ontologis (panlisikan ontologis)

iku dadi salah sawijining cara kanggo nafsirke utawa negesi kanthi bener lan entuk pangerten kang pener. Saben tafsiran nduwensi pengalaman wiwitan, pandangan wiwitan lan konsepsi wiwitan dhewe-dhewe. Menawa penafsiran cetha dadi tugase panlisikan, totalitas saka “pangira-ira” (kang kasebut kahanan hermeneutis) perlu digawe cetha lan aman sakdurunge, ana ing pengalaman dasar babagan “wasesa” dibeberke, uga ana ing pangerten-pangerten babagan pengalaman kuwi dhewe.

Sing dikarepake pengalaman wiwitan iku pengalaman kang wis diduwensi dening pamaca sakdurungi gathuk lan nglakoni laku maca. Pengalaman ing kene ora mung sing dialami dhewe dhening pamaca, nanging kalebu kabeh ngelmu lan pangerten kang diduwensi pamaca kang magepokan karo isining wewacan kang diwaca. Pengalaman wiwitan iku nyebabake isining wewacan sambung karo isining pikiran pamaca. Heidegger ngandake gunane pengalaman awal mangkene:

Things at hand are always already understood in terms of a totality of relevance. This totality need not be explicitly grasped by a thematic interpretation. Even if it has undergone such an interpretation, it recedes again into an undifferentiated understanding. This is the very mode in which it is the essential foundation of everyday, circumspect interpretation. This is always based on a fore-having (Heidegger, 1996: 140).

Saka pethikan ing nduwur, Heidegger ngandakake menawa pengalaman wiwitan gunane kanggo mangerteni isine

iku dadi salah sawijining cara kanggo nafsirke utawa negesi kanthi bener lan entuk pangerten kang pener. Saben tafsiran nduwensi pengalaman wiwitan, pandangan wiwitan lan konsepsi wiwitan dhewe-dhewe. Menawa penafsiran cetha dadi tugase panlisikan, totalitas saka "pangira-ira" (kang kasebut kahanan hermeneutis) perlu digawe cetha lan aman sakdurunge, ana ing pengalaman dasar babagan "wasesa" dibeberke, uga ana ing pangerten-pangerten babagan pengalaman kuwi dhewe.

Sing dikarepake pengalaman **wiwitan** iku pengalaman kang wis diduwensi dening pamaca sakdurungi gathuk lan nglakoni laku maca. Pengalaman ing kene ora mung sing dialami dhewe dhening pamaca, nanging kalebu kabeh ngelmu lan pangerten kang diduwensi pamaca kang magepokan karo isining wewacan kang diwaca. Pengalaman wiwitan iku nyebabake isining wewacan **sambung** karo isining pikiran pamaca. Heidegger ngandake gunane pengalaman awal mangkene:

Things at hand are always already understood in terms of a totality of relevance. This totality need not be explicitly grasped by a thematic interpretation. Even if it has undergone such an interpretation, it recedes again into an undifferentiated understanding. This is the very mode in which it is the essential foundation of everyday, circumspect interpretation. This is always based on a fore-having (Heidegger, 1996: 140).

Saka pethikan ing nduwur, Heidegger ngandakake menawa pengalaman wiwitan gunane kanggo mangerteni isine

wewacan iku apa isa dipahami apa ora, utawa migunani apa ora kanggone pamaca. Menawa isine sambung karo pengalaman wiwitan pamaca, wewacan iku bakal iso dipahami utawa dimangerten. Ananging menawa isine ora sambung karo pengalaman wiwitan, pamaca ora bakal isa ngerti lan paham apa isine wewacan. Menawa dipeksa, pangerten ana ing pikirane pamaca mung apalan lan ora ana arti wewacan kang mlebu ing rasa pangrasane lan bakal cepet dilalekake. Kasus pamulangan sejarah ana ing sekolah lan perguruan tinggi kang disepelekake karo para siswa lan mahasiswa, mbokmenava marga kurang nggateake babagan pengalaman wiwitan iki, saengga kadadean sejarah sing diwaca mung ngawang-awang.

Kaping pindho, kanthi pengalaman wiwitan iso dimangerten kanggo apa isine wewacan iku tumrap pamaca magepokan karo laku tumuju sampurnaning urip. Menawa isine wewacan sambung karo pengalaman wiwitan, pamaca isa nimbang-nimbang babagan pigunane wewacan kanggo diri pribadine. Manfaat

ing babagan isining wewacan, isa kapila dadi loro: praktis lan batiniah. Manfaat praktis menawa isine wewacan dadi inspirasi kanggo ngembangake ketrampilan urip, kaya ta ngrembakakake urip rukun ana ing tengahing masyarakat. Manfaat batiniah, maksude isining wewacan isa nambah kadewasan utawa njembarake wawasan pamaca.

Telung perkara pra pemahaman kang kaping loro yaiku pandangan awal. Nyilih gagasane Crowell lan Falpas

(2007: 16), pandangan awal iku konsep tartamtu utawa gambaran kang wus ana ing pikiran sing dianggo nelisik wewacan. Heidegger (1996: 141) dhewe nerangake babagan pandangan awal mangkene:

As the appropriation of understanding in being that understands, the interpretation operates in being toward a totality of relevance which has already been understood. When something is understood but still veiled, it becomes unveiled by an act of appropriation and this is always done under the guidance of a perspective which fixes that with regard to which what has been understood is to be interpreted.

Ana ing pethikan dhuwur iku, Heidegger nerangake menawa isining wewacan isa dingerten nanging isih samar-samar,durung patiya cetha, lan bakal isa dadi terang terwaca kanthi laku panyelarasan lan mung isa rampung nganggo panuntune cara pandheng, utawa perspektif, sing pas karo isining wewacan kang dipahami, saengga ngerti menyang ngendi arahe wewacan iku kang bakal katafsirake. Tafsiran kang lelandesan pandelengan wiwitan ndadekake pangerten kang kapethik nganggo pengalaman wiwitan isa terang trewaca lan manjalma dadi tafsiran kang mapan. Saka keterangan iku isa kapethik pangerten menawa pandelengan wiwitan iku dadi panuntun tumrap pengalaman wiwitan supaya isining wewacan isa dimangerten kanthi terang terwaca.

Telung perkara babagan pra pemahaman kang kaping telu yaiku konsepsi awal.

What is held in the fore-having and understood in a fore-seeing view becomes comprehensible through the interpretation. The interpretation has always ready decided, finally or provisionally, upon a definite conceptuality; it is grounded in a fore-conception.

The interpretation of something as something is essentially grounded in fore-having, fore-sight, and fore-conception. Interpretation is never a presuppositionless grasping of something previously given. When the particular concretion of the interpretation in the sense of exact text interpretation likes to appeal to what "is there" what is initially "there" is nothing else than the self-evident, undisputed prejudice of the interpreter; which is necessarily there in each point of departure of the interpretation as what is already "posited" with interpretation as such, that is, pre-given with fore-having, fore-sight, fore-conception (Heidegger, 1996: 141)

Saka keterangan Heidegger isa kapethik pemahaman, pangerten menawa laku-nafsir mesti adhedhasar telung perkara pra pemahaman, yaitu pengalaman wiwitan, pandangan utawa panyawang wiwitan lan konsepsi wiwitan. Laku-tafsir ora isa diadani tanpa anane gambaran ana ing pikiran lan batine pamaca tumrap masalah sing sakemper karo isining wewacan. Rikala pamaca nafsirake isining wewacan, otomatis pikirane tumuju ing gambaran sing ana neng pikirane utawa kang sinebut konsepsi wiwitan.

Pemikirane Heidegger diteruske lan dikembangake dening salah siji muride kang aran Hans-Georg Gadamer (1900 - 2002). Kaya dene Heidegger, Gadamer uga duwe

panyakra yen sejatine ora ana pangerten ing njroning wewacan iku, nanging gumantung ana ing diri pribadi pamaca, kalebu yen uwong maca wewacan sejarah:

There is no pure seeing and understanding of history without reference to the present, On the contrary, history is seen and understood only and always through a consciousness standing in the present.

Nevertheless, the concept of historicality, even while affirming this, simultaneously affirms the operativeness of the past in the present: The present is seen and understood only through the intention, the way of seeing, and preconception bequeathed from the past. Gadamer's hermeneutics and his critique of historical consciousness assert that the past is not like a pile of facts which can be made an object of consciousness, but rather is a stream in which we move and participate, in every act of understanding (Palmer, 1969: 176 – 177).

Saka pethikan ing dhuwur, Gadamer kaya sing diterangake Palmer, ora ana wong kang iso weruh lan ngerti sejarah tanpa nduweni pangerten babagan jaman saiki. Sewalike, sejarah dideleng lan dimangerten *mung lan tansah* kanthi kesadaran saka jaman saiki. Konsep historikalitas, malah luwih nyetakake babagan iki, karana bebarengan nganggep bener babagan mlakune prakara-prakara warisan jaman mbiyen tumrap ing jaman saiki: Jaman saiki isa didelok lan dimangerteni mung kanthi niat, carane ndeleng lan konsepsi wiwitan sing diwarisi saka jaman mbiyen. Hermeneutike Gadamer lan panyarune babagan kesadaran sejarah negasake menawa jaman mbiyen iku ora kaya tumpukan kasunyatan-

kasuyatan kang isa digawe dadi wasesaning kesadaran, nanging luwih pas utawa trep menawa jaman mbiyen iku dianggep ilen-ilen kang ing kono awake dhewe melu katut lan melu ngeli. Pandelengan babagan ilen-ilen iku kudu ana ing saben tumrap laku mangerten iku mbiyen.

Gumantunging pangerten utawa jarwa saka ing uwong kang nafsirke ora mung marga jaman saiki kango titik wiwitinan anggone nafsirke jaman mbiyen, nanging uga marga anane kesadaran menawa jaman saiki iku kena prabawaning, utawa kapengaruh dening jaman mbiyen. Ono ing babagan iki, Gadamer (2006: 300) migunakake tetembungan “history of effect” utawa sejarahing pengaruh:

We are not saying, then, that history of effect must be developed as a new independent discipline ancillary to the human sciences, but that we should learn to understand ourselves better and recognize that in all understanding, whether we are expressly aware of it or not, the efficacy of history is at work. When a naive faith in scientific method denies the existence of effective history, there can be an actual deformation of knowledge.

Pethikan ing nduwur nerangake menawa Gadamer ora duwe pamrih utawa karep nggawe sejarahing karuh-kinaruh dadi ngelmu kang mandiri tumraping ngelmu-ngelmu babagan manungsa, nanging pingin menawa kabeh wong isa sinau mangerten iku awake dhewe-dhewe kanthi luwih becik, permana lan nglenggana ana sakabehing pangerten. Embuh awake dhewe nggatekake apa ora, kapinunjulane sejarah tetep mlaku. Rikala ana keyakinan kang cetek tumrap tata

cara ilmiah ora nggatekake anane sejarah, iku isa dadi tetenger yen bakal ana owah-owahan babagan wujuding ngelmu.

Panemu menawa pangerten utawa jarwa iku gumantung ana ing uwong kang nafsirke, paling ora nggawa rong akibat. Kapisan, yaiku pangerten duwe sifat *diadik*. Maksude, pangerten iso muncul mung amerga anane sesambungan antarane rong pihak: wewacan lan pamaca. Sesambungan mau njelma ana ing penafsiran kang mesti wae kanthi laku nyemak utawa manthengi wewacan (Raharjo, 2008: 78). Sesambungan kaya ngono iku salaras karo keterangan Romo Sastraprantedja (2008) menawa pangerten tumrap wewacan iku tansah diobahake dening pra pemahaman pamaca lan kepentingane dheweke rikala melu nggawe pangerten jarwaning (*sinn*) wewacan. Tujuane mangerten iku sejatine nglebur rong kahanan, kahanan saka wewacan lan kahanan saka pamaca. Uwong kang maca wewacan tansah diwiwiti nganggo pitakonan-pitakonan. Saka ing kene, sakdurunge mangerti isining wewacan, uwong wis entuk pengaruh lan malah kabentuk dening bakat utawa bebakalan ing wewacan kang isa kanggo mbuka pangertene.

Yen dibandingke karo Dilthey, pemikirane Gadamer ana sing beda. Dilthey nganggep yen penafsiran iku dalan kanggo nemoke meneh pangerten (*recovery of meaning*) kang ilang utawa samar amerga suwening wektu antarane jaman mbiyen (rikala wewacan tinulis) karo jaman saiki (rikala wewaca kawaca dening pamaca). Sewalike, Gadamer

nerangake menawa sejarah ora isa dianggep barang kang turu lan kudu ditangekake, nanging sejarah iku tetep melu aktif lan nduwe daya karuh tumrap jaman saiki (*Wirkungsgeschichte*). Kajaba iku, kanthi nganggep menawa mangerti iku nyawijining wewacan karo pamaca, sejatine maca iku laku omong-omongan antarane wewacan lan pamaca.

Akibat kang kaping loro yaiku pangerten duwe sifat multivalen. Sing dikarepke, saben wasesa isa duwe pangerten kang akeh banget, gumantung sapa sing maca. Sapa wae kang maca duwe hak lan pilihan-pilihan kang jembar banget kanggo nduweni pangerten kang sifate pribadi lan beda karo pangerten kang kasusun lan kabangun dening pamaca liyane. Sing luwih penting, kabeh pangerten iku bener tumrap saben pribadi pamaca.

IV. Pigunane Kanggo Ngelmu Sejarah

Rikala Dilthey ngrembakake pikirane Schleiermarcher, pikirane tumuju mring usada nemokake cara kanggo nlisik lan mangerteni bab manungsa. Dilthey kang nekuni sejarah akhire isa mbedakake antarane ngelmu alam karo ngelmu manungsa lan ngembangake hermeneutika kang cocok dadi panuntun kanggo laku nlisik babagan manungsa. Saka kene, hermeneutika ana ing tangane Dilthey pancer katujokake kanggo panuntun laku panelisik ngelmu manungsa, kalebu sejarah.

Rong perangan pemahaman, yaiku *grammatical* lan *intuitive understanding* isa katrapke ana ing panelisikan

sejarah, utamane ana ing laku mangerten iki lan jarwaning sumber sejarah. Kanggo gambaran, supaya luwih gamblang, ana ing ngisor iki, kasalin isining Prasasti Canggal ana ing bahasa Indonesia:

Pembangunan lingga oleh Raja Sanjaya di atas gunung (Bait 1). Pujaan terhadap Dewa Siwa, Dewa Brahma, dan Dewa Wisnu (Bait 2-6). Pulau Jawa yang sangat makmur, kaya akan tambang emas dan banyak menghasilkan padi. Di pulau itu didirikan candi Siwa demi kebahagiaan penduduk dengan bantuan dari penduduk Kunjarakunjadesa (Bait 7). Pulau Jawa yang dahulu diperintah oleh raja Sanna, yang sangat bijaksana, adil dalam tindakannya, perwira dalam peperangan, bermurah hati kepada rakyatnya. Ketika wafat Negara berkarbung, sedih kehilangan pelindung (Bait 8-9). Pengganti raja Sanna yaitu putranya bernama Sanjaya yang diibaratkan dengan matahari. Kekuasaan tidak langsung diserahkan kepadanya oleh raja Sanna tetapi melalui kakak perempuannya (Sannaha) (Bait 10-11). Kesejahteraan, keamanan, dan ketentraman Negara. Rakyat dapat tidur di tengah jalan, tidak usah takut akan pencuri dan penyamun atau akan terjadinya kejahatan lainnya. Rakyat hidup serba senang (Bait 12)

Saka *grammatical understanding*, isining pethikan Prasasti Canggal ing dhuwur isa dimangerten menawa Prabu Sanjaya anggawe lingga ana ing dhuwur gunung kanggo tandha yekti nyembah Dewa Siwa, Brahma lan Wisnu. Kanthi panelisikan

iku ora aneh yen sejarawan banjur nafsirake menawa Prabu Sanjaya ngrasuk agama Hindu, kaya sing tinulis ing buku babon *Sejarah Nasional Indonesia* Jilid II (Marwati Djoened P., et all ed., 2008: 383) mangkene:

Berdasarkan berita-berita yang diperoleh dapat diduga bahwa agama yang dianut pada zaman Sanjaya ialah agama Hindu dari mazhab Siwa. Hal ini antara lain dinyatakan oleh prasasti Canggal, yang memuja dewa Siwa lebih banyak dibandingkan dengan pemujaan kepada kedua dewa Trimurti lainnya. Tentang sifat keagamaan ini, juga tidak bertentangan dengan berita Carita Parahyangan, yang menyebutkan bahwa pemujaan yang umum dilakukan oleh raja Galuh adalah sewabakti ring balara upati. Upati tentulah rusakan dari kata Sanskerta Utpali atau Utpala, yaitu nama lain untuk Yama, dewa pencabut nyawa. Menurut dongeng-dongeng Bali, Yama ini mempunyai sifat-sifat yang sarna, baik dengan Siwa maupun dengan Kala, dan pemujaan terhadap para dewa itu pun tidak pula berbeda." Di dalam tradisi sastra Jawa dan Sunda, Utipati ini kini kadang-kadang berubah Utipati, Otipati, atau Odipati.

Saka pethikan buku sejarah ing dhuwur isa dimangertenin yen sejarawan ora mung nelisik isi Prasasti Canggal sawiji, ananging wis nyoba mlebu ing *intuitive understanding* kanthi mbandingake isining prasasti karo sumber-sumber sejarah liyane kanggo mangertenin kahanan-kahanan kang mayungi Prabu Sanjaya saengga nyembah Dewa Siwa. Tanpa

ngetungake bener apa salah jarwa kang tinulis dening sejarawan iku, urut-urutan laku panelisikan kang diusadani para panulis *Sejarah Nasional Indonesia* Jilid II uwis lengkap. Saka kene para panulis wis migunakake cara *grammatical* lan *intuitive understanding*.

Masalah liya kang diadhepi dening sejarawan kang migunakake hermeneutika ana loro lan **loro-lorone** magepokan karo posisine dheweke minangka pamaca sumber-sumber sejarah. Kang kapisan, Dilthey nelakake menawa sejarawan kudu duwe ngelmu kang akeh kanggo neliwik *intuitive understanding* sumber sejarah, nanging akeh ing kene ora ana wates murwate, sakpira paling sithik lan paling akeh. Amarga ora ana wates murwate, sejarawan kudu nggolek pangerten sak akeh-akehe, utamane kang magepokan karo sumber sejarah sing ditlisik. Yen sejarawan kurang akeh anggone nglumpukake pangerten lan sumber sejarah, anggone nggambaraké kahanan **bakal** kurang lengkap utawa malah kepara kleru. Tulisan Sejarah Nasional Indonesia Jilid II isa kanggo conto. Panulis nerangake "Berdasarkan berita-berita yang diperoleh dapat diduga bahwa agama yang dianut pada zaman Sanjaya ialah agama Hindu dari mazhab Siwa". Keterangan Prabu Sanjaya agamane Hindu nuduhake menawa sumber lan pangerten kang diklumpukake panulis kurang akeh, saengga kleru anggone njarwakake agamane Prabu Sanjaya. Menawa panulis gelem maca *Shangyang Siksakanda ng Karesian* (bag XX-XXI) kanthi tliti, bakal nemoni ukara mangkene:

Sakala batara jagat basa ngretakeun bumi niskala. Basana: Brahma, Wisnu, Isora, Mahadewa, Siwah. bakti ka Batara! Basana: Indra, Yama, Baruna, Kowera, Besawarma, bakti ka Batara! Basana: Kusika, Garga, Mestri, Purusa, Pata(n)jala, bakti ka Batara: Sing para dewata kabeh pada bakti ka Batara Seda Niskala. Pahi manggihkeun si tuhu lawan preityaksa.

Inina par manggihkeuneun dina sakala, tangtu batara di bwana pakeun pageuh jadi manik sakurungan, pakeuneun teja sabumi. Hulun bakti di tohaan, ewe bakti di laki, anak bakti di bapa, sisya bakti di guru, mantri bakti di mangkubumi, mangkubumi bakti di ratu, ratu bakti di dewata.

Kang isa kasalin ana ing basa Jawa anyar:

Swara panguasaning jagat nyampurnakake mayapada. Unine: Brahma, Wisnu, isora, Mahadewa, Siwa bektia marang Batara! Unine: Indra, Yama, Baruna, Kowara, Besawarma, bektia marang Batara! Unine: Kusika, Garga, Mestri, Purusa, Patanjala, bektia marang Batara! Mulakna kabeh para dewata bekti marang Batara Seda Niskala. Kabeh tinemu tuhu lan bekti.

Iki kang kudu tinemu ing sabda, paugeran Batara ing donya supaya dadi manik sakurungan, kang nerangi sak donya, Budhak tunduk marang majikane, pawestri tunduk kepada sing lanang, anak tunduk marang bapak, siswa tunduk marang guru, mantri tunduk marang mangkubumi, mangkubumi tunduk marang ratu, ratu tunduk kepada dewata.

Saka pethikan kitab *Shangyang Siksakanda ng Karesian* ing dhuwur isa dinelok menawa Bathara Seda Niskala iku kalungguhane sak dhuwure Dewa Siwa, Wisnu lan Brahma, lan dadi kang paling dhuwur. Apa Bathara Seda Niskala ana ing agama Hindu? Yen ora ana, panjarwane sejarawan menawa Prabu Sanjaya agamane Hindu rasane kurang cocok. Mbokmenowo luwih pas yen dijenengi Agama Sunda utawa malah rasah dijenengi.

Sakliyane sumber sejarah kang murwat, masalah kang diadhepi sejarawan iku bab kalungguhane minangka pamaca sumber-sumber sejarah. Katerangane Heidegger babagan pemahaman wiwitan pancen penting temenan kanggo panelisikan sejarah. Kedadayan sejarah ing jaman kapungkur isa digambarake kanthi ukara lan pangerten kang isa dimangerteni karo wong saiki mung amarga sejarawan nduwensi pemahaman wiwitan kang urip ing jaman saiki. Pemahaman wiwitan mau orang mung ~~isa~~ nguripake kahanan lan kadadean sejarah, nanging uga isa menehi pangerten menawa kadadean sejarah iku sakjatine urip ana ing diri pribadi pamaca. Sejarah dadi jaman mbiyene pamaca.

Pemahaman wiwitan uga isa dadi rubeda utawa alangan kanggo sejarawan ana ing laku ~~ngg~~ambarake kadadean sejarah. Panjarwane sejarawan menawa Prabu Sanjaya agamane Hindu ing ngarep ~~ora~~ bisa kapisahake karo pemahaman wiwitan. Uripe sejarawan kang ~~dipayungi~~ agama, marakake dheweke ndeleng kadadean sejarah saka pengalaman wiwitan sing diduwensi. Rikala nemokake ukara

"nyembah dewa" pikirane banjur nyambung karo "agama"; "Siwa, Brahma, Wisnu" karo "Hindu". Ananging rikala ketemu ukara "Bathara Seda Niskala", pikirane buntu marga ora duwe pengalaman wiwitan babagan iku.

Tekan kene, muga-muga isa dipahami menawa hinduisasi utawa proses njenengi agama Hindu tumrap kapercayan kang ngrembaka ing jaman mbiyen amarga kurange sejarawan ing babagan sumber sejarah kang murwat utawa amarga sejarawan kurang utawa malah mbokmenawa ora duwe pengalaman wiwitan kang magepokan karo kapercayan marang Bathara Seda Niskala. Isa salah siji utawa loro-lorone.

Nglungguhake kadadean lan sumber sejarah minangka wewacan, ndadekake laku memahami utawa mangerteni jarwane minangka tujuan panelisikan sejarah. Saka tahun 1970an ngelmu sejarah ing Indonesia, utamane ing Jogja diarahake kanggo nerangake kadadean kang dumadi ing jaman mbiyen. Tujuan iku kang ditolak dening Dilthey. Deweke njlentrehake menawa njelasake (*enklaren/explain*) iku dadi tujuane ngelmu alam. Mulo Dilthey banjur nuduhake menawa ngelmu manungsa tujuane nggoleki jarwane (*verstehen/understand*) kadadean sejarah. Jarwaning sejarah iku kang terus urip ing jiwanning uwong uwong saiki lan ndadekake kabeh uwong isa ngrembakakake urip lan panguripan tumuju ing jaman sesuk. Suwalike yen sejarah dijelasake mung bakal cumanthel ing pikiran lan ora isa tumanjem ing batin lan jiwanning masyarakat.

Panutup

Tekan semene wis dicoba ngrengbug babagan wewacan lan pamaca kang dadi salah sawijining bahan rerengbugan penting ing hermeneutika. Pangimpene Dilthey kang pingin banget hermeneutika dadi panuntun laku panelisikan sejarah, muga-muga ing Indonesia isa diwujudake kanthi sak cepete. Pepinginan iku adhedasar kahanan ngelmu sejarah kang saka tahun 1970an (meh 50 tahun) migunakake *Covering Law Model* (CLM/njelasake kadadean adhedasar teori lan hukum) ora isa ngelmu kang penting kanggo uripe masyarakat, malah kepara dadi rubeda. Panerawangane Nordholt masyarakat Indonesia saiki dadi masyarakat kang ora nduwensi sejarahé lan urip tanpa diobori sejarah:

The main line of argument -- reflecting the leading obsession of the New Order -- is that 'guided unity' leads to prosperity whereas disunity results in chaos and decay. This is presented through a series of 'true historical facts', which carry a moral meaning. Because these 'facts' and their moral implications are closely related to the fate of the state, they are far removed from the historical experience of ordinary people. To them the term 'sejarah' became another word for 'not us'.

... Like in the colonial period, New Order historiography produced histories without people.

After Suharto's fall in May 1998, his version of the history was no longer credible -- the economic miracle had collapsed, order was replaced by disorder -- but an alternative national history has not yet emerged. In this sense Indonesians became a 'people without history' (Nordholt, 2004: 10-11).

Saka kahanan iku, migunakake hermeneutika kanggo panelisikan sejarah dadi masalah kang penting lan kudu cepet-cepet diadani. Migunakake hermeneutika padha karo mbalekake sejarah ana ing kodrate minangka ngelmu babagan manungsa. Hamung kanthi dalan iku sejarah isa dadi ngelmu kang dianggep penting dening masyarakat, marga isa nduduhake jarwa kang dadi oboring urip.

Dhaftar Wewacan Rujukan

- Ankersemit F.R, 1987, *Refleksi Tentang Sejarah: Pendapat Pendapat tentang Filsafat Sejarah*. Diterjemahkan oleh Dick Hartoko. Jakarta: Gramedia.
- Dilthey, Wilhelm, 1996, *Hermeneutics and the Study of History*. Ewing, NJ, USA: Princeton University Press
- Gadamer, Hans Georg, 2006, *Truth and Method*. Translation revised by Joel Weinsheimer and Donald G. Marshall. New York: Continuum.
- Hedeigger, Martin, 1996, *Being and Time*. Diterjemahkan dari bahasa Jerman ke dalam bahasa Inggris oleh Joan Stambaugh. New York: SUNY.
- Marwati Djoened Poesponegoro dan Nugroho Notosusanto, ed., 2008, *Sejarah Nasional Indonesia*. Jilid II. Jakarta: Balai Pustaka.
- Mudjia Raharjo, 2008, *Dasar Dasar Hermeneutika: Antara Intensionalisme & Gadamerian*. Yogyakarta: Ar-Ruzz Media.
- Nordholt, Henk Schulte, 2004, *De-colonising Indonesian Historiography*, Paper delivered at the Centre for East

and South-East Asian Studies public lecture series "Focus Asia", 25-27 May, 2004 at Lund University, Sweden.

Palmer, Richard E., 1969, *Hermeneutics: Interpretation Theory in Schleiermacher, Dilthey, Heidegger, and Gadamer*. Evanston: Northwestern University Press.

Ricoeur, Paul, 2009, *Hermeneutika Ilmu Sosial*. Terjemahan Muhammad Syukri. Yogyakarta: Kreasi Wacana.

Sastrapradja, M., 2008, *Hermeneutika dan Daya Transformatif Membaca*. Makalah pada Seminar dengan tema Mencari Identitas Fakultas Sastra. Yogyakarta: Fakultas Sastra Universitas Sanata Dharma.

Schleiermarcher, Friedrich, 1998, *Hermeneutics and Criticism*. Edited and Translated by Andrew Bowie. Cambridge: Cambridge University Press.

Sumber Sejarah

Prasasti Canggal

Shangyang Siksakanda ng Karesian